

Projet USAID/COMFISH Plus  
PENCOO GEEJ

CAYTU GU LALU CI SOOTANTE XALAAT NGIR NAPP GU SAX DAKK CI SENEGAAL

**GINDIKAAY JÉM CI DOXALIN YU  
BAAX YI NU TAATAN CIWALLU CET  
ÑEEL**





Projet USAID/COMFISH Plus

PENCOO GEEJ

CAYTU GU LALU CI SOOTANTE XALAAT NGIR NAPP GU SAX DAKK CI SENEGAAL

GINDIKAAY JÉM CI DOXALIN YU BAAX  
YI NU TAATAN CI WALLU CET ÑEEL  
COPPITEEG LI ÑUY JËLE CI GEEJ

# *Kubbite*

Téere gindikaay bii, ñu ngi ko defar ak ndimbalu « Porose USAID/KOMFISH+ » ci sumb bi jém ci tàggat kureli jigéen ñiy yëngu ci coppileem jén ak yeneen njureefi géej. Jumtukaay bu sukkandiku ci jëf la ngir dimbali kureli jigéen ñi ñu méengoo ak sàrt yi ñu téral ci àdduna si jém ci li ñu sàkku ci cet ak doxalin yu baax, aju ci nedefarum li jóge ci napp gi.

Téere gindikaay bii, ñu ngi ko gën a jagleel jigéen ñiy yëngu ci coppiteeg jén. Cëslaay la loo xam ne li ko tax a jóg mooy gindi way liggéeykat yi ci seeni yëngu-yëngu, bès bu ne. Jumtukaay la yit ju èmb nekkin yi ak taxawaay yu èmbaale yanam yi ñuy jaar yépp ngir soppi njureef yi ñuy defare jén. Ni ñu ko séqal nak, seen jàng néew na, moo tax ñu def ko ci wax ju yomb yu ànd ak ay nataal.

# Table Des Matières

<b>Kubbite .....</b>	<b>5</b>
<b>1 XIBAAR YI ÑU DËXEÑ JÉM CI CET CI BÉREB YA NÑUY SOPPEE JËN .....</b>	<b>7</b>
1.1. Nan lañuy fàggandikoo /mooytoo wàllante ci li ñuy soppi ? .....	8
<b>2 LIGGÉYUKAAYI AK JUMTUWAAYI .....</b>	<b>9</b>
2.1. Béreb ak taxawaayu liggéeyukaay yi .....	10
<b>3 CETUG LIGGEEYKATYI .....</b>	<b>11</b>
3.1. Wér-gu-yaramu liggéeykat yi.....	12
3.2. Colug/Yéere liggéeyukaay .....	14
3.3. Cetug yoxo yi .....	16
3.4. Nekkini liggéeykat yi.....	20
3.5. Yoonu liggéeykat ya .....	22
3.6. SàmmontEEK toppalante ba war ca liggéeyukaay ba .....	22
<b>4 WUTUM LAÑUY LIGGÉYE AK NDENC MA .....</b>	<b>23</b>
4.1 Jot ga.....	27
4.2. Niñ koy yobboo .....	29
4.3. Jumtukaay yi .....	29
4.4. Lëmas /Muuraay .....	36
<b>5 NdeFar gi, liggÉeY ÀNdadOO .....</b>	<b>37</b>
<b>NJeeXTe Li .....</b>	<b>39</b>
<b>TÉereYi ÑU gËsTU .....</b>	<b>40</b>



I

XIBAAR YI ÑU DËXEÑ JÉM CI CET CI BÉREB YA NÑUY  
SOPPEE JËN

Cet ci bérab ya ñuy soppee jén ak na ñu koy dence, mbooleseeni matuwaay yuy tax a aar baaxaay, njariñ ak cetug njureef yi ci fànn yi ñuy koy defare. Njureef sell na su fekke amul luy lore ci dundam, tooke mbaa bindam.

### *1.1. Nan lañuy fàggandikoo /mooytoo wàllante ci li ñuy soppi ?*

Ngir fàggandiku wàllante bi ci coppali gi ak yaar wér gu yaramu way jéfandikoo yi, dangaa war a sàmmoonte ak cet, di sàmmoonte ak sàrt yu baax yi jém ci cet ci jamanoy coppali, boole ci di sàkku ci kenn ku nekk ca ña ca bokk, mu sàmmoonte ak sàrti cet.

Cet mënul matadi mbaa mu bañ a sax dakk.  
Dafa war a mat sëkk ak sax dàkk!



Toppal kon tegtal yii di tax a am njureef  
yu sell te baax.



2

LIGGÉYUKAAYYI AK JUMTUWAAYYI

Ay miir, xàdd yi, dër yi, teewayu mbalit, ndox muy taa ak ngelaw yuy yupp mën nañu indi yàqute gu tar ci bérébi liggéeyukaay yi ak tabax yi war a nekk fu ñuy soppee ak a denc ay njureef.

## 2.1. Béreb ak taxawaayu liggéeyukaay yi

Béreb bi ñuy sàmp ligéeyukaay yi dafa war a sori béreb yu setul yi!



Béreb bu sellul ak yu yëngu-yëngu « isin ».



Béreb yu mën a am ay rab, gunóor ak njanaaw yuy yàq.



Béreb yu mën a taa



Béreb yu ñu mënul jèle mbalit





3

CETUG LIGGEELYKATYI

Nit a gën a mën a tasaare luy wàlle ; moo tax nu gën a war a farlu ci cetug yaramam, ca doxalinam ak ci taxawaayu liggéeykat yiy jéfandikkoo li ñu jàpp, jumtukaay yi ak liggéeyukaay yi.

<b>Cet ci yaram</b>	
<b>Cet ci col</b>	
<b>Cet ci yorin</b>	
<b>Cet ci nekkin</b>	
Yaram	wér gu yaram
Colin	Col
Yorin	Yoxo
Nekkin	Dem ak dikk,...


### 3.1. Wér-gu-yaramu liggéeykat yi

Liggéeykat yi yore jàngoro wala ñu yaakaar ni dañoo tawat wala dañoo yore jàngoro yuy wàllaate jaar ci lu nuy lekk, waruñu jéfandikoo jumtukaay yi.


Yenn jàngoro yi dañu ko war a siiwal :


- Jàngoroy sëqat su bonn si
- Feebaru biir mbaa butit
- Waccu, yaram wu tàng, put guy metti ànd ak tàng
- Der bu am ay gaañ (ay picc, ay dag-dag)
- Nopp buy siit, gët mbaa bakkan yuy siit.

Dem kér doktoor lu nu digle la



### 3.2. Colug/Yéere liggéeyukaay





### 3.3. Cetug yoxo yi

Raxas say yoxo moo lal cet/cellal.

Ci yoxo yi la wàllante di gën a mën am. Moo tax yoxo yi war a set lu jiit, ci biir mbaa njeexital bépp yëngu-yëngu jém ci coppite.

**Kañ lañu war a raxas yoxo yi?**

- Bala ngay tàmbali liggeéy,
- Bala ngay sol say kiiraayu yoxo,
- Saa yoo wuutee ca bérébu liggeéy ba,
- Soo génnee ca wanag wa,
- Saa soo jógee ci noppalu,
- Soo laale jumtuwaay bu sellul,
- Soo nandoo, mbaa nga sëqat wala nga tisooli,
- Soo laale/jëfandikkoo ay desit, ay lëmasukaay, ay kees wala saaku dugub yu tilim/setul,
- Diggante yor ñam wu ñorul ak weneen ñam

**Nan lañuy raxase ay yoxo?**

- Tooyal say yoxo ak ndox mu sell,
- Jëfandikoo saabu,
- Def saabu bu baax ci yoxo yi diirub genn wàllaatu simili,
- Jonj we yi ak borosu niloŋ,
- Raxasu ak ndox mu doy tuy xelli,
- Taamu nañu nga fompu ak kayit gu ñuy jëfandikoo benn yoon.

## Nan la nuy raxase ay yoxo



**1** Toyalal say yoxo



**2** Saabu bu doxe



**3** Xëbalal,bombal diirub 20 sikond



**4** Leyandil diirub  
10 sikond



**5** Fompal say yoxo



**6** Tëjal robine bi

### Bul fàtee raxas:

- diggante say waraam
- suufu say we
- ak sa kawi yoxo


Ay kayit i fàttali ak raxasinu yoxo war nañu ko taf ca bérab yu fés ca fa ñuy liggeeye.

Sol ay kawas/gaj du tax rekk ni set nañu saa su ne! Dee leen soppi lu bari!



Soo amul robine, mën ngaa jëfandikoo doxalin wa ñu daan amal.

Dindil say takkaay (jaaroy yoxo, jaaroy nopp, lam yi, a.ñ.s.) ndax baaxuñu ci yaram te dañuy denc doomu jängoro yi. Ca bérébu liggéeyukaay ba, sa col lu nu war a seetlu la.



Yenn jumtukaay yi dañu leen tere:



Montar, takkay ak ay caabi dañu koy tere.

### 3.4. Nekkini liggeykat yi

Nit ñiy yore /jëfandikoo njureef yi war na ñuy moytu nekkin yu mën a yàq njureef yi:



Tux



Wokkatu



Tifli /Xaaxtiniku




Lekk mbaa naan



Sèqat



Ñandu



Deel moytu di lekk ca béréb ya ñuy liggéeye tey xàjjale béréb ya

### 3.5. Yoonu liggéeykat ya

Dem bi ak dikku liggéeykat yi ci biir bérebu liggéeyukaay bi war na sàmmoonte ak sàrtu dox jém kanam, maanaam di jóge saa su ne ca rébeb ya set jém ca ya tilim mbaa desee set.

Misaal: Liggéeykat yay jot lay soog a génn waruñoo dugg ca béreb ya ñuy soppee te raxasuñu seeni yoxo teg ca summi seeni yéere.

### 3.6. SàmmontEEK toppalante ba war ca liggéeyukaay ba

Sàmmonteeel toppalante ba am ca liggéeyukaay ba te moytu jumtukaay ya ñu dul jéfandikoo ca liggéey ba bañ fa nekk ndax loolu mën na jur dugal tilim mbaa doomi jàngoro ca lañu liggéey.

Nemmeeku yi: Ñay ñëw nemmeekusi béreb ya ñuy liggéeye war nanu topp ndigal ya aju ca cet ga mel ni:

- bañ a dugg ca béreb ba ñuy dence
- bañ a laal la ñuy denc
- bañ a tisooli mbaa tifli, a.ñ.s.

Jàpp bés bu ñu jagleel ñay seetsi béreb ba, teg ca seetlu ndax way seetsi yi ñu ngi sàmmontEEK ndigali cet ya.



4


## WUTUM LAÑUY LIGGÉEYE AK NDENC MA

Sooy wut la ñuy liggeye, war nañu sàmmoonte ak ndigal i cet fa ngay jënde, ca yóbbu ba ak ca denc ba.

Wàññi bépp musiba mu mën a yàq kaarane njureef yi mbaa luy tere ñu jéfandikoo ko.

Wutum njureef yay jiitu dañu leen di saytu ngir mu wóor ni set nañu ba ñu mën leen jéfandikoo na mu ware. War nañu su ko laajee:

- moytu di leen wut ca béreb yoo xam ni la ko wér mën na jur musiba ca njureef ya;
- wóorlu ne wutum njureef yi mënul indi wàllante ca ñam ya (war a mën a laal lépp lu ñuy jéfandikoo, cellaayu ndox ma, a.ñ.s.).



Soo koy wut : moytul jén wa ñu teg ca suuf te dara muuru ko



Jén yi dañu leen a yebbi ci ay dàmba yu set te am galaas, wala ci kaw ay laytaay/baas ak muur leen ca tàngaay.




## 4.1 Jot ga

Soo jot jén yi, seetlul saa su ne baaxaayam te bul am sikki-sàkka ci delloo jén yu jarul yoon (jén wu soppeku melokaan, nes-nesiwul, biir bu ubbeeku, gëtt yu dugg, a.ñ.s.)

Tolluwaay ba dañu ko war a diistu te bind ko cib « kaye » bu ñuy woye « kaye jot bi ».

Ngir jot Jén ci anam yu mucc ayib, war nga am sàrt yu èmb yii mënul ñakk :

- Xeetu jén wu bees wi ñu war a jot
- Tolluwaayu li nga soxla lépp
- Melokaan wi



Su jén wi tëjoo, wu bees la


Su jén wi nooyee, yàqu na.

Su mändarga mi ci jén wi feeñul, jén wu bees la,


Su mändarga baaraam bi fëse, jén wi yàqu na.



Wante gëtt i jën yu yàqu day xóot,  
soppeeku, dóomu taal, mboq ak leeg-leeg xall.



Gëtti jën yu bees day junki te leer



Xam caaxoñ yi: Caaxoñ yi dañoo war a xonq bu leer te buum ya waruñoo taqaloo.

- Bët bu junki, per ba leer ;
- Caaxoñ yu xonq, am ngetu ndox;

Baaxaayu jën yi: Doxalin wu yomb ngir xam beesaayu jën

## 4.2. Niñ koy yobboo

- Xeetu daamar yi (Woto bu mag/Kamiyon, woto bu ndaw, saret ...)
- Anam yi mu laaj, set, muuru, bañ ko jaxase ak luñu dul lekk,

## 4.3. Jumtukaay yi

Mu ngi aju ci xeetu yobbu wi ak jafe-jafe ya ñu mén a àndal, dencukaay ya, jumtukaay ya ak su fekkee nañu leen defare, nañu leen tabaxe mén na jur:

- Wàllante ñam ya gën wàññeeku bu baax;
- Ndefarum béreb ya, na ñu taxawe, na ñu sàmpe jumtuwaay ya ak jumtukaay ya mén a tax liggey yi ame ci anam yu baax ànd ak toppatoo (defaraat, fomp ak ray doomi jängoro yi) bu mucc ayib te neewal lépp luy wàlle te jóge ca biti ;



Jumtukaay yi ñuy soxla ngir sàmmonteeek cet ca béreb ya ñuy soppee.



Lakk jën ci suuf, lu ñu tere la



Lakk jén ci biir puur bu baax, lu ñu digle la.



weer jën ci anam yu sellul, lu ñu tere la.




weer jén ci anam yu sell, lu ñu digle la.

Yokkute gi ci ëpp solo mooy yéekati béréb bi ñuy wowale, jéfandikoo weerukaay bu ñuy wekki, yu talli, yu kawe, taxawaay yu tollu ci gën ga néew benn (1) meetar, mbaa tegukaay yu wengalu di tax ndox may siit di wàcc. Yenukaay yooyu mën na nekk bant, weñ mbaa simon ak xeer yu ñu boole.



weer ca naaj wa



Weerukaay ca jant bi ñu ngi leen di baaxal ak di leen tasaare wante ni leen ñiy yëngatu ci coppi mi di jëfandikoo des na ndax jafe-jafe yi ñuy jànkoneel ci Njënfandikoo gi, soxla yu sax ci toppatoo bi, defaraat bi ci diir bu gàtt bi muy am ak njëg gu kawe.



#### 4.4. Lëmas /Muuraay

Lu tax a jóg lëmas/muuraay

- Ndenc mi: baaxal li nga soppi
- Njaay mi /ciwal gi: mooy tax nga jaay ak baaxaayu li ngay jaay teg ca melokaan wi rafet
- Jokkoo gi : mooy tax nga yégal way jëfandikukat bi ak ñeneen, jém ci :
  - Lay dug ci li ngay defar ,
  - Tolluwaay bi ak li muy jar,
  - Baaxaayi ñam wi ciy ferñent,
  - Pexe yi ñu koy jëfandikoo,
  - Mändarga mi,
  - Càmmontee gi ak yoon,
  - Ki koy defar.



Yaaboy bu ñu lakk




Dencukaayu kawsu



Mbuusi kawsu



Mboolus kawsu




5

NdeFar gi, liggÉeY ÀNdadOO

Bépp bérébu coppikaay war na bind yoon wi ñuy jaar te mu ëmb liggéey yu ànd jém ca na defar ba topplante ba ca njeexte la. Ca jataay bu ne, lépp lu ca war a dugg dañu ko leeral, rawatina tolluwaayu la cay dem. Ngir xam bu baax liggéey bi, képp ku bokk ca ña koy liggéey war na xam ci li wér térarin wa.

Misaalu téralin: Ndefarum géjj gu ñu wowal ak téralinu ndefarum yaaboy bu ñu lakk.



## NjeeXTe II

Ndefarum jën ak njaay mi dafa laaj ay mattuwaay ngir sàmmoonte ak cet gu yaa, gaawaayunliggéey bi ndax nga mën a sàmmoonte ak li mënul ñàkk ci jëfin wu baax ci ndefar mi ndax nga mën a am njureef gu baax. Ndefar mi waroon na gën a yomb sunu sàmmoontee ak ndigal yi nnu joxe ci téere gindikaay bii. Xàjjatle béreb yu sell yi ak béreb yu sellul yi dafa war a mat sëkk.

**Ngir yombal demlanteeb njureef yi, war nañ fexe ca doxalinu bérebi liggéeyukaay ya ak na ñu leen tèrale:**

- Lépp di dox te du am jaawaloo mbaa dellu ginnaaw,
- Ndolant ya di jóge ca béreb ya sellul jëm ca béreb ya sell ci bu ñu leen di dolli ca njureef ya.



## TÉere Yi ÑU gËsTU

- Cet, baaxaay ak tëralin jém ci coppite jën ak meññeefi géej, bu Moomar Yaasent Jóob ;
- Téere gindikaay jém ci coppite jën ci sunu aada. « iTA », Moomar Yaasent Jóob ak Buubakar Jakite;
- Doxalin yu baax ci cet ci liggey ca béreb ya nuy soppee xeeti pepp. « Afirik wert Burkinaa »;



Ci xalaatu

Seriñ Moomar Yaasent Jóob  
Gëstukat jém ci wàllu mbeex mi

Ñi ko móol :  
Soxna Faatu Caw ak Soxna Xadi Saane Juuf